

REPUBLIQUE DU BURUNDI



**MINISTERE DE LA DEFENSE NATIONALE
ET DES ANCIENS COMBATTANTS**

CABINET DU MINISTRE

**OBJET : EXPOSE DES MOTIFS SUR LE
PROJET DE LOI DU STATUT
DES OFFICIERS**

Après la promulgation de la loi organique N°1/04 du 20 février 2017, le Ministère de la Défense Nationale et des Anciens Combattants trouve une impérieuse nécessité de réviser le Statut des Officiers, conformément à la loi organique en vigueur.

Les grandes modifications qui ont été apportées au Statut des Officiers sont les suivantes :

1. L'actuelle loi régissant le Statut des Officiers parle des Candidats Officiers en formation, des officiers d'active et des réserves. Le présent projet parle seulement des officiers d'active (article 2 du projet de Statut). Les Candidats Officiers en formation et les Réservistes seront régis par des textes spécifiques (cfr article 68, 72 & 117 de la loi Organique pour le recrutement et les réservistes)

REPUBURIKA Y'UBURUNDI



**UBUSHIKIRANGANJI BW'UKWIVUNA
ABANSI N'UKWITAHU ABAHOZE KU
RUGAMBA**

IBIRO VY'UMUSHIKIRANGANJI

**INTUMBERO : IVYATUMYE IYI NTEGURO
Y'IBWIRIZWA RISHINGA AMATEGEKO AGENGA
ABASIRIKARE B' INTWAZANGABO ITEGURWA**

Ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa Shingiro inomeru 1/04 ryo ku wa 20 Ruhuhuma 2017 rimaze gutangazwa, Ubushikiranganji bw'ukwivuna abansi n'ukwitaho abahoze ku rugamba bwasanze ari ngombwa ko hasubirwamwo amategeko agenga Abasirikare b'Intwazangabo, hisunzwe ibwirizwa ryunganira IbwirizwaShingiro ririko rirakurikizwa.

Ibikurubikuru vyahinduwe vyashizwe mu nteguro y'ibwirizwa ryerekeye amategeko agenga Abasirikare b'Intwazangabo ni ibi ibikurikira :

1. Ibwirizwa rihasanze rigenga Abasirikare b'Intwazangabo rivuga ivyerekeye Abasirikare bari mu nyigisho z'ukwitegurira kuba Intwazangabo, Abasirikare b'Intwazangabo bari mu kazi n'abatari mu kazi bashobora gutumwako gufasha. Iyiteguro y'ibwirizwa ivuga gusa ku vyerekeye Intwazangabo ziri mu kazi (ingingo ya 2 y'iteguro y'ibwirizwa ryerekeye amategeko agenga abasirikare b'Intwazangabo). Abasirikare bari mu nyigisho z'ukwitegurira kuba Intwazangabo n'abatari mu kazi bashobora gutumwako gufasha bagengwa



<p>2. Pour être admis Officiers de la Force de Défense Nationale du Burundi, il faut avoir prêté serment (article 3 du projet de statut). Actuellement, la qualité d'officier s'étend jusqu'aux candidats officiers et les Réservistes et ainsi sont régis par le statut des officiers en-activité (cfr art 2 à 8).</p> <p>3. Pour professionnaliser la gestion des carrières, le projet de statut n'admet pas qu'un Sous-officier accède à la catégorie des officiers. Dans le statut actuel, un Sous-Officier peut accéder à la catégorie des officiers sur appréciation du commandement (cfr art 9).</p> <p>4. Pour des raisons de service, le projet de statut n'accorde pas le congé d'intérêt public aux Officiers (cfr art 7). L'actuel statut lui confère ce congé (cfr art 13).</p> <p>5. Dans le projet de statut, pour des considérations sociales, le droit en eau et électricité est accordé à l'officier réformé (art.8).</p> <p>6. Le projet de statut accorde une allocation de décès de douze mois de salaire net pour soutenir la famille éprouvée.</p>	<p>n'amategeko aberekeye (ingingo ya 68,iya 72 n'iya 117 z'ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa Shingiro mu bijanye n'ukwinjiza abantu mu gisirikare n'ibijanye n'abasirikare batari mu kazi bashobora gutumwako gufasha).</p> <p>2. Kugira umusirikare yemererwe kuba Intwanzangabo mu Rwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi, ategerezwa kuba yarashikirije indahiro (ingingo ya 3 y'integuro y'ibwirizwa rigenga Abasirikare b'Intwanzangabo). Muri iki gihe, Abasirikare bari mu nyigisho z'ukwitegurira kuba Intwanzangabo n'abatari mu kazi bashobora gutumwako gufasha na bo nyene bitwa Intwanzangabo gutyo bakaba bagengwa n'amategeko agenga Abasirikare b'Intwanzangabo bakiri mu kazi (kuva ku ingingo ya 2 gushika kuya 8).</p> <p>3. Kugira ivyerekeye umwuga w'Igisirikare bitunganywe neza, integuro y'ibwirizwa ryerekeye amategeko agenga Abasirikare b'Intwanzangabo ntitegekanya ko Umusirikare w'Igisongerezi c'Intwanzangabo yinjira mu mugwi w'Intanzangabo.Mw'ibwirizwa rihasanze, Umusirikare w'Igisongerezi c'Intwanzangabo yashobora kuja mu mugwi w'Intwanzangabo abatwara Igisirikare babonye ko bibereye (ingingo ya 9 y'ibwirizwa rihasanze).</p> <p>4. Kumvo z'akazi, iyi nteguo ntiha Abasirikare b'Intwanzangabo akaruhuko kokuja kurangura ayandi mabanga y'igihugu (ingingo ya 7). Ibwirizwa rihasanze riraha Intwanzangabo ako karuhuko (ingingo ya 13).</p> <p>5. Muri iyi nteguo y'ibwirizwa, kugira agumane agateka mu muryango,Umusirikare w'Intwanzangabo atagishoboye akazi arafise uburenganzira bwo kuronswa amazi n'amataru.</p> <p>6. Iyi nteguo y'ibwirizwa iraha umuryango w'Umusirikare w'Intwanzangabo yapfuye amafaranga ahabwa abafise uburenganzira ku bisigi yo gufasha umuryango wabuze angana n'umushahara w'amezi icumi n'abiri.</p>
---	--

- | | |
|--|--|
| <p>7. En vue de garder son honneur et sa considération dans la société, le projet de statut accorde à l'Officier le droit d'importer un véhicule d'usage d'affaire et promenade exonéré des frais de douane et taxes à deux ans de son départ en retraite (Cfr art 12). L'actuel statut est muet.</p> | <p>7. Muntumbero yo gufasha kugumana agateka n'icubahiro, umusirikare w'Intwazangabo asigaje imyaka ibiri ngo akukuruke arafise uburenganzira bwo kwinjiza mu gihugu umuduga umwe gusa wo gutemberamwo atarishe amafaranga ya duwane hamwe n'amatagisi (ingingo ya 12).</p> |
| <p>8. Le projet de statut accorde à l'officier réformé les facilités de l'Etat pour l'accès au crédit du premier logement et en cas de décès, l'Etat supporte le reste du crédit (cfr art 17). L'actuel statut n'inclut pas l'Officier réformé et supporte le reste du crédit à concurrence de l'indemnité de logement en vigueur (cfr art 23).</p> | <p>8. Muri iyi nteguro y'ibwirizwa, Reta irorohereza Umusirikare w'Intwazangabo asezerewe kubera atagishoboye akazikugira aronke ingurane y'uburaro bwa mbere no mu gihe apfuye, Reta iramurihira umwenda yari asigaje kuriha. (ingingo ya 17). Ibwirizwa rihasanzwetiriha ubwo burenganzira Umusirikare w'Intwazangabo yasezerewe kubera atagishoboye akazi, ritegekanya kandi ko Reta irihira Umusirikare w'Intwazangabo apfuye ingurane asigaje kuriha hafatiwe ku mafaranga y'uburaro yahora ahabwa (ingingo ya 23 y'ibwirizwa rihasanzwe).</p> |
| <p>9. Le projet de statut interdit aux officiers de s'associer au groupes terroristes, mercenaires et d'organiser ou prendre part aux activités visant à provoquer une mutinerie ou grève (cfr art 20 alinéas b) et d)). L'actuel statut est muet.</p> | <p>9. Iyi nteguro y'ibwirizwa irabuza abasirikare b'Intwazangabo kwifadikanya n'imigwi y'iterabwoba hamwe n'iy'abacangero no gutunganya canke kuja mu bikorwa bifise intumbero yo gutera imigumuko canke kugira yegereyegere (ingingo ya 20 akarongo ka b) n'aka d). Ibwirizwa rihasanzwe ntaco ribivugako.</p> |
| <p>10. Pour renforcer l'éthique militaire et la discipline, professionnaliser la gestion des carrières et renforcer l'esprit patriotique, le projet de statut n'autorise pas le mariage inter-catégorie, le mariage avec une personne de nationalité étrangère et le mariage avant une année de prestation dans une unité (art 20 alinéas i), j) et k)). L'actuel statut est muet en la matière.</p> | <p>10. Mu gukomeza akarangamutima mu bijanye n'igisirikare n'inyifato mu kazi, mugutuma umwuga w'igisirikare utunganywa neza hamwe no gutsimbataza ingendo y'ugukunda igihugu, iyi nteguro y'ibwirizwa irabuza Umusirikare w'intwazangabokugira ubugeni n'umusirikare wo mu rwego rw'ukwivuna abansi canke n'uwuri mu rwego rujejwe umutekano kiretse iyo umwe muri abo yemeye kuva mu rwego arimwo, kugira ubugeni n'umuntu afise ubwenegihugu bw'ikindi gihugu no kugira ubugeni ataramara umwaka mu kazi mu mugwi arimwo harimwo n'ikiringo c'ukwimenyereza akazi (ingingo ya 20 akarongo ka i), aka j) n'aka k)). Ibwirizwa rihasanzwe ntaco ribivugako.</p> |

<p>11. Pour une notation objective, le projet de statut ordonne que si la mutation intervient au moins à six mois de prestation dans une unité, il incombe à l'unité d'origine de procéder à sa notation (cfr art 22). L'Officier en position de détachement doit transmettre annuellement son bulletin de notation à l'institution d'origine pour exploitation administrative et effets y afférents (Cfr art 24 paragraphe 2). L'actuel statut est muet en la matière.</p>	<p>11. Kugira hatangwe amanota ataguhengama, iyi nteguro y'ibwirizwa ishingako iyo Umusirikare w'Intwanzangabo ahinduriwe umugwi yahora akoreramwo n'imiburiburi yari awumazemwo amezi atandatu, uwo mugwi ni wo uca umuha amanota (ingingo ya 22). Umusirikare w'Intwanzangabo yashinzwe ayandi mabanga atari ay'Igisirikare aja ararungika ku mwaka ku mwaka mu rwego yavuyemwo ifishi y'amanota yo ku kazi yaronse kugira ruyikoreshe mu vyerekeye akazi n'uturusho bijanye (ingingo ya 24 agahimba ka 2). Ibwirizwa rihasanzwentaco ribivugako.</p>
<p>12. L'actuel statut met devant un conseil d'enquête, un Officier qui obtient la mention INSUFFISANT une fois et deux fois de suite ASSEZ BON (cfr art 32). Le projet de statut considère uniquement la mention INSUFFISANT deux fois de suite car l'appréciation de l'officier qui commence sa profession débute par la mention ASSEZ BON (cfr art 26).</p>	<p>12. Ibwirizwa rihasanzwe ritegekanya ko Umusirikare w'Intwanzangabo aronse amanota MABI CANE rimwe canke akaronka incuro zibiri zikurikirana amanota ADASHEMEYE ashirwa imbere y'Umugwi ushinzwe itohoza (ingingo ya 32). Iyi nteguro y'ibwirizwa ifatira gusa ku manota MABI CANE kabiri kiburikiranya kuko Umusirikare w'Intwanzangabo atanguye akazi ahera kuronka amanota ADASHEMEYE (ingingo ya 26).</p>
<p>13. Pour professionnaliser la gestion des carrières et corriger la pyramide des grades, les délais d'avancement au grade supérieur ont été revus (cfr art 31) du projet de statut et l'art 38 de l'actuel statut.</p>	<p>13. Kugira hatunganywe neza umwuga w'Igisirikare kandi hakosorwe ubusumbasumbane rw'amapete, ibiringo vy'ukuduzwa ipete vyarasubiwemwo (ingingo ya 31) y'integuroy'ibwirizwa n'ingingo ya 38 y'ibwirizwa rihasanzwe.</p>
<p>14. En plus des primes et indemnités prévues par le Statut actuel (Cfr Art 50), le projet de Statut prévoit que l'Officier pourra aussi bénéficier des primes de formateur et de fonction ainsi que des indemnités de réforme (Cfr Art 41).</p>	<p>14. Uretse udushirikabute n'uturusho butegekanijwe n'ibwirizwa rihari (ingingo ya 50), iyi nteguro y'ibwirizwa rishasha irategekanya udushirikabute duhabwa abigisha abandi n'utujanye n'amabanga hamwe n'akarusho gahabwa uwukukurutse kubera atagishoboye akazi (Ingingo ya 41).</p>
<p>15. Le projet de statut parle de la profession alors que l'actuel statut parle de la carrière (cfr Chap VII). La profession de l'officier commence le jour de prestation de serment (cfr art 42 du projet de statut) tandis que la carrière commence le jour du recrutement (art 82 de la loi organique et art 51 de l'actuel statut).</p>	<p>15. Iyi nteguro y'ibwirizwa ivuga ivyerekeye umwuga mu gihe Ibwirizwa rihasanzwe rivuga ivyerekeye akazi k'Umusirikare w'Intwanzangabo (igice ca VII). Umwuga w'Umusirikare w'Intwanzangabo utangura umusi ashikiririjeko indahiro (ingingo ya 42 y'integuro y'ibwirizwa) mu gihe akazi gatangura umusi yinjiriyeko mu Rwego rw'ukwivuna abansi (ingingo ya 82 y'ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa Shingiro n'ingingo ya 51 y'ibwirizwa rihasanzwe).</p>

- | | |
|---|--|
| <p>16. Le libellé du serment a été introduit dans le projet de statut (cfr art 42). L'actuel statut est muet.</p> | <p>16. Muri iyi nteguro y'ibwirizwa, harashizwemwo indahiro Umusirikare w'intwazangabo ashikiriza (ingingo ya 42). Ibwirizwa rihasanze ntaco ribivugako.</p> |
| <p>17. En vue d'assainir la gestion administrative, le projet de statut dispose que la mise en disponibilité pour convenance personnelle est demandé une seule fois et sa durée est d'un an à six ans au maximum (art 46). L'actuel statut prévoit que cette mise en disponibilité est de trois ans renouvelable une seule fois (art 56).</p> | <p>17. Mu ntumbero yo gutunganya neza ibijanye n'intwazo, iyi nteguro y'ibwirizwa itegukanya ko Umusirikare w'intwazangabo asaba guhagarika akazi bimuvuyeko abigira rimwe gusa kandi ikiringo cavyo kikava ku mwaka umwe gushika ku myaka itarenga itandatu (ingingo ya 46). Ibwirizwa rihasanze ritegekanya ko ukwo guhagarika akazi bimara ikiringo c'imyaka itatu gishobora kwisubiriza rimwe gusa (ingingo ya 56).</p> |
| <p>18. En vue d'avoir des officiers disciplinés, dignes de leur rang, un officier qui totalise 20 Jours Arrêt Sans Accès (ASA) dans une année ou 45 Jours ASA dans sa profession doit comparaitre devant un conseil d'enquête pour révocation (cfr Art 53 du projet de statut). L'actuel statut est muet.</p> | <p>18. Mu ntumbero y'ukuronka abasirikare b'intwazangabo bigenza neza, batera iteka urwego barimwo, Umusirikare w'intwazangabo akwije imisi 20 mu mwaka canke imisi 45 mu kiringo cose amara mu kazi atarekuriwe guhonyoza ikirenge ku kazi ategerezwa kurenguka imbere y'Umugwi ujejewe itohoza kugira yirukanwe burundu mu Rwego (ingingo ya 53 y'iyi nteguro y'ibwirizwa). Ibwirizwa rihasanze ntaco ribivugako.</p> |
| <p>19. En vue de soutenir un membre de la Force de Défense Nationale du Burundi poursuivi par la justice pour des faits découlant de l'exercice normale de ses fonctions, le projet accorde à l'Officier le droit d'avoir une assistance juridique et judiciaire. Le projet de statut accorde également une réparation des dommages causés par les tiers pour le seul motif que l'Officier est membre de la Force de Défense Nationale du Burundi (cfr art 55).</p> | <p>19. Mu ntumbero yo gushigikira Umusirikare w'intwazangabo ariko arakurikiranwa n'ubutungane canke mu gihe akorewe icaha ariko ararangura imirimo ashinzwe arafise uburenganzira bw'ugufashwa mu vyerekeye amategeko n'ukuronswa uwumuburanira. Muri iyo ntumbero nyene, Reta iraha indishi Umusirikare w'intwazangabo ku vyo yononewe n'abandi ahorwa gusa ko ari umusirikare w'igihugu canke igihe ariko ararangura imirimo ashinzwe, mu gihe uwakoze icaha atamenyekanye (ingingo ya 55 y'iyi nteguro y'ibwirizwa).</p> |
| <p>20. Un Officier en situation de détachement ou de transfert qui encourt une sanction disciplinaire entraînant la rupture de son détachement ou transfert doit comparaitre devant un conseil d'enquête (cfr art 56 du projet de statut). L'actuel statut est muet.</p> | <p>20. Umusirikare w'intwazangabo yashinzwe ayandi mabanga atari ay'igisirikare canke yahinduriwe aho yahora akora aronse igihano kijanye n'inyifato mu kazi bigatuma ivyo gushingwa ayandi mabanga canke uguhindirwa aho akora bihagarara ategerezwa kurenguka imbere y'umugwi ujejewe itohoza (ingingo ya 56 y'iyi nteguro y'ibwirizwa). Ibwirizwa rihasanze nta co ribivugako.</p> |

- | | |
|--|--|
| <p>21. Le projet de statut n'accorde l'allocation de fin de carrière qu'aux officiers qui partent en retraite par limite d'âge statutaire (cfr art 57). Le statut actuel accorde aussi cette allocation aux décédés étant en activité, aux réformés, aux démissionnaires et à ceux qui partent en retraite anticipée (cfr art 67).</p> | <p>21. Iyi nteguro y'ibwirizwa iraha amafaranga y'impamba kubera akazi gaheze abasirikare b'intwazangabo bakukurutse kuko bakwije imyaka itegekanijwe (ingingo ya 57). Iyi nteguro y'ibwirizwa iraha kandi ayo mafaranga abasirikare b'intwazangabo bapfuye bakiri mu kazi, abasirikare basezerewe kubera batagishoboye akazi, abatanze imihoho n'abakukurutse hataragera (ingingo ya 67).</p> |
| <p>22. Pour renforcer l'esprit patriotique, le projet de statut prévoit la révocation de l'officier qui acquiert la double nationalité (cfr art 60 litera b). Le statut actuel est muet.</p> | <p>22. Kugira hatsimbatazwe umutima wo gukunda igihugu, iyi nteguro y'ibwirizwa itegekanya kwirukana mu kazi Umusirikare w'intwazangabo aronse ubwenegihugu bugira kabiri (ingingo ya 60 akarongo b). Ibwirizwa rihasanze ntaco ribivugako.</p> |
| <p>23. En vue de garantir la survie des ayants droit dont l'officier est décédé avant d'atteindre quinze ans de service, le projet de statut dispose que l'Etat verse le reste des cotisations à l'INSS pour pouvoir bénéficier la rente des survivants (cfr art 63).</p> | <p>23. Muntumbero yo gushigikira abasirwa b'umusirikare w'intwazangabo apfuye atarakwiza imyaka icumi n'itanu y'akazi, Reta iratanga mw'ishirahamwe ritegekaniriza kazoza abakozi intererano zari zisigaye.</p> |
| <p>24. En cas de mobilisation à la guerre, le projet de statut dispose qu'un candidat officier est exceptionnellement assimilé à un officier (cfr art 66). L'actuel statut est muet.</p> | <p>24. Mu gihe c'intambara, iyi nteguro y'ibwirizwa itegekanya ko uwitegurira kuba Intwazangabo afatwa nk'intwazangabo (ingingo ya 66). Ibwirizwa rihasanze ntaco ribivugako.</p> |

<p>REPUBLIQUE DU BURUNDI</p>  <p><u>CABINET DU PRESIDENT</u></p> <p>LOI N°1/.....DU...../.....2021 PORTANT REVISION DE LA LOI N°1/21 DU 31 DECEMBRE 2010 PORTANT MODIFICATION DE LA LOI N°1/15 DU 29 AVRIL 2006 PORTANT STATUT DES OFFICIERS DE FORCE DE DEFENSE NATIONALE</p> <p>LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,</p> <p>Vu la Constitution de la République du Burundi;</p> <p>Vu la Loi Organique N° 1/04 du 20 Février 2017 portant Missions, Organisation, Composition, Instruction, Conditions de Service et Fonctionnement de la Force de Défense Nationale du Burundi;</p> <p>Vu la loi n° 1/011 du 23 novembre 2002 portant Réorganisation des régimes des pensions et des risques professionnels ;</p> <p>Vu la Loi N°1/28 du 23 Août 2006 portant Statut Général des fonctionnaires;</p> <p>Vu la loi n° 1/15 du 29 juin 2012 portant Organisation générale des Ordres nationaux, des Décorations et des Titres honorifiques ;</p> <p>Vu la loi n° 1/12 du 12 mai 2020 portant Code de la Protection sociale au Burund ;</p>	<p>REPUBURIKA Y'UBURUNDI</p>  <p><u>IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU</u></p> <p>IBWIRIZWA INOMERO 1/.....RYO KU WA...../...../ 2021 RISUBIRAMWO IBWIRIZWA INOMERO 1/21 RYO KU WA 31 KIGARAMA 2010 RIHINDURA IBWIRIZWA INOMERO 1/15 RYO KU WA 29 NDAMUKIZA RISHINGA AMATEGEKO AGENGA INTWAZANGABO Z'URWEGO RW'UKWIVUNA ABANSI RW'UBURUNDI</p> <p>UMUKURU W'IGIHUGU,</p> <p>Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika y'Uburundi ;</p> <p>Yihweje Ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa Shingiro inomero 1/04 ryo ku wa 20 Ruhuhuma 2017 rishinga Imirimo y'Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi, ingene rutunganijwe, abarugize, inyigisho, ibisabwa mu kuba muri urwo Rwego n'ingene rukora;</p> <p>Yihweje Ibwirizwa inomero 1/011 ryo kuwa 23 munyonyo 2002 risubiramwo itunganywa ry'amategeko yerekeye impamba itegekanirizwa abakozi bakukuruka hamwe n'ukubategekaniriza impanuka z'akazi;</p> <p>Yihweje Ibwirizwa inomero 1/28 ryo ku wa 23 Myandagaro 2006 rishinga Amategeko agenga abakozi ba Reta ;</p> <p>Yihweje Ibwirizwa inomero 1/15 ryo kuwa 29 ruheshi 2012 ritunganya ivyerekeye ibidari vy'iteka n'ibindi bimenyetso biranga abatewe ieka n'igihugu;</p> <p>Yihweje Ibwirizwa inomero 1/12 ryo kuwa 12 rusama 2020 rishina igitabu c'amategeko yerekeye ugutegekaniriza kazoza abakozi;</p>
---	---

<p>Vu la loi n° 1/11 du 24 novembre 2020 portant révision du décret-loi n° 1/037 du 7 juillet 1993 portant révision du Code de travail du Burundi ;</p> <p>Revu la Loi N°1/21 du 31 Décembre 2010 portant modification de la Loi N°1/15 du 29 Avril 2006 portant Statut des Officiers de Force de Défense Nationale;</p>	<p>Yihweje Ibwirizwa inomero 1/11 ryo kuwa 24 munyonyo 2020 risubiramwo itegeko-bwirizwa inomero1/037 ryo kuwa 7 mukakaro 1993 risubiramwo igitabu c'amategeko agenga akazi mu Burundi;</p> <p>Asubiye kwihweza Ibwirizwa inomero 1/21 ryo ku wa 31 Kigarama 2010 rihindura Ibwirizwa inomero 1/15 ryo ku wa 29 Ndamukiza 2006 rishinga Amategeko ngenderwako agenga Intwazangabo z'Uwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi ;</p>
<p>Le Conseil des Ministres ayant délibéré;</p> <p>L'Assemblée Nationale et le Sénat ayant adopté;</p> <p>PROMULGUE:</p> <p>CHAPITRE I : DES DISPOSITIONS GENERALES</p> <p>Article 1 : La présente loi régit le Statut des Officiers de la Force de Défense Nationale du Burundi.</p> <p>Article 2 : Les Officiers de la Force de Défense Nationale du Burundi se répartissent comme suit :</p> <p>a) les Officiers œuvrant au sein de la Force de Défense Nationale du Burundi, des Services Centraux et des Administrations personnalisées du Ministère de la Défense Nationale et des Anciens Combattants ;</p> <p>b) Les Officiers en position de détachement</p>	<p>Inama Nshikiranganji imaze kubica irya n'ino ;</p> <p>Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka zimaze kuyemeza ;</p> <p>ATANGAJE :</p> <p>IGICE CA I: INGINGO NGENDERWAKO</p> <p>Ingingo ya 1 : Iri bwirizwa rishinga amategeko ngenderwako agenga Intwazangabo z'Uwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi.</p> <p>Ingingo ya 2 : Intwazangabo z'Uwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi zigabanganijwe uku gukurikira:</p> <p>a) Intwazangabo zikorera mu Rwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi,izikorera mu Bisata bitandukanye vyo mu Bushikiranganji bw'ukwivuna abansi n'ukwitaho abahoze ku rugamba hamwe n'izikorera mu Bisata vyitunganiriza ibijanye n'intwano n'ikigega</p> <p>b)Intwazangabo zarungitswe kurangura ayandi mabanga atari ay'igisirikare.</p>

CHAPITRE II: DES CONDITIONS D'ADMISSION ET DE NOMINATION

Article 3 :

Pour être admis Officier de la Force de Défense Nationale du Burundi, il faut :

- a) avoir suivi avec succès un cycle de formation de base comprenant un stage dans une unité ;
- b) avoir les qualités morales indispensables à l'état d'Officier ;
- c) avoir prêté serment.

CHAPITRE III : DES DROITS, DEVOIRS ET INCOMPATIBILITES

SECTION 1 : DES DROITS

Article 4 :

Tout Officier a droit à une fonction déterminée.

Article 5 :

Tout Officier a droit à un traitement mensuel, à l'habillement et l'équipement de service suivant les textes spécifiques.

Il a droit à l'alimentation à la cuisine collective chaque fois qu'il est soumis à des prestations qui le contraignent à rester à tout moment au service.

Article 6 :

Tout Officier a droit à un congé annuel de repos de vingt-cinq jours ouvrables conformément au règlement militaire.

IGICE CA II : IBISABWA KUGIRA UMURUNDI ABE INTWAZANGABO NO KUGIRA ADUZWE IPETE

Ingingo ya 3:

Kugira umurundi abe Intwazangabo z'Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi, ategerezwa kuba akwije ibi bikurikira :

- a) kuba yarakurikiranye igice c'inyigisho z'intango harimwo n'imyimenyerezo mu mugwi ubijejwe kandi akazimanya;
- b) kuba afise ingeso nziza zitegerejwe ku Ntwazangabo;
- c) kuba yararahiye.

IGICE CA III : IVYO UMUSIRIKARE W'INTWAZANGABO AFITIYE UBURENGANZIRA, IVYO ATEGEREJWE N'IVYO ATABANGIKANYA N'AMABANGA AJEJWE

AGACE KA 1: IVYO UMUSIRIKARE W'INTWAZANGABO AFITIYE UBURENGANZIRA

Ingingo ya 4:

Umusirikare w'Intwazangabo wese arafise uburenganzira bwo kugira amabanga ajejwe atomoye.

Ingingo ya 5 :

Umusirikare w'Intwazangabo wese arafise uburenganzira bwo kuronka umushahara ku kwezi ku kwezi, umwambaro w'akazi n'ibikoresho vy'akazi hisunzwe amategeko avyerekeye.

Umusirikare w'Intwazangabo arafise uburenganzira bwo gufungurirwa hamwe n'abandi, igihe cose ategerejwe gukora ibikorwa bituma aguma ku kazi.

Ingingo ya 6 :

Umusirikare wese w' Intwazangabo arafise uburenganzira bwo kuronka akaruhuko ko ku mwaka ku mwaka k'imisi mirongo ibiri n'itanu y'akazi hisunzwe amategeko agenga Igisirikare.

Article 7 :

Outre les congés annuels, l'Officier a droit à des congés de circonstance, d'expertise, de reclassement, de mutation et médical, qui doivent coïncider avec l'événement qui en est la cause.

L'Officier de sexe féminin bénéficie d'un congé de maternité tel que prévu par la loi.

Le congé de reclassement est de trois mois et est accordé trois mois avant la date de la mise en retraite.

L'Officier en congé d'expertise ne bénéficie pas de traitement pendant cette période.

Le congé d'expertise ne peut pas dépasser trois mois et peut être renouvelé une fois.

La durée de ce congé est décomptée de la période d'activité.

Article 8:

L'Officier en activité, en captivité, réformé ou en retraite par limite d'âge, bénéficie de l'Etat les droits en eau et en électricité suivant le plafond fixé par décret.

Le conjoint, l'orphelin mineur ou assimilé de l'Officier décédé continuent à bénéficier de ces droits jusqu'à l'âge présumé de la retraite de l'officier ou l'âge de la majorité de l'enfant mineur; exception faite à l'officier décédé dans des circonstances ci-après :

- a) en cas de suicide ;
- b) en cas de décès quand l'officier est dans un état de violation de la loi.

Ingingo ya 7 :

Uretse uturuhuko two ku mwaka, Umusirikare w'Intwazangabo arafise uburenganzira bwo kuronka akaruhuko k'ibimushikira rimwe na rimwe, ako kurangura iyindi mirimo afisemwo ubuhinga, ako kwitegurira gukukuruka, akajanye n'uguhindurirwa ikibanza c'akazi n'agahabwa uwurwaye, tugategerezwa gutangura umusi igituma dutangwa gishikiyeko.

Umusirikare w'intwazangabo w'igitsina gore araronka akaruhuko kajanye n'ukwibaruka nk'uko bitegekanijwe n'amategeko.

Akaruhuko ko kwitegurira gukukuruka ni ako amezi atatu kandi gatanga hasigaye amezi atatu kugira umusirikare w'intwazangabo akukuruke.

Umusirikare w'intwazangabo ari mu karuhuko k'ukurangura iyindi mirimo afisemwo ubuhinga ntahehwa muri ico kiringo.

Akaruhuko k'ukurangura iyindi mirimo afisemwo ubuhinga ntigashobora kurenza ikiringo c'amezi atatu kandi gishobora kwisubiriza rimwe.

Ikiringo c'ako karuhuko ntigiharurwa mu misi yamaze mu gisirikare.

Ingingo ya 8 :

Umusirikare w'intwazangabo akiri mu kazi, yagizwe imbohe, atagishoboye akazi canke yakukurutse kubera yashikanye imyaka y'ugukukuruka, Reta iramurihira amazi n'amatara hafatiwe ku rugero ntarengwa rushingwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Uwari yubakanye n'umusirikare w'intwazangabo yapfuye, impfuyi yasize itarakwiza imyaka y'ukwihagararira imbere y'amategeko canke uwufatwa nk'uwo, baragumana uburenganzira ku matara n'amazi gushika ku mwaka iyo ntwazangabo yokukurukiyeko canke gushika umwana mutoyi ashikanye imyaka yo kwihagararira imbere y'amategeko, ivyo ntivyerekeye umusirikare w'intwazangabo apfuye mu buryo bukurikira:

- a) mu gihe yiyahuye;
- b) mu gihe apfuye yari yarenze amategeko.

Article 9:

L'Officier en activité, réformé ou en retraite bénéficie pour lui-même, son conjoint et ses enfants mineurs ou assimilés des soins médicaux et produits pharmaceutiques suivant les conditions fixées par des textes réglementaires.

La veuve ou le veuf, les enfants mineurs ou assimilés de l'Officier décédé continuent à bénéficier des mêmes avantages.

Article 10:

La veuve ou le veuf d'un Officier qui se remarie perd les avantages visés aux articles 9, 16 et 17 de la présente loi.

Les enfants mineurs ou assimilés de la veuve ou du veuf qui se remarie gardent les avantages susvisés.

Article 11:

En cas de décès d'un Officier en activité, ses ayants droit perçoivent, en plus du salaire du mois en cours, une allocation de décès équivalant à douze mois de salaire net.

L'employeur prend en charge les frais funéraires de l'Officier décédé étant en activité, en réforme ou en retraite, de son conjoint, de ses enfants mineurs ou assimilés, exception faite à l'officier décédé dans les circonstances ci-après :

- a) en cas de suicide;
- b) en cas de décès quand l'officier est dans un état de violation de la loi.

Ingingo ya 9 :

Umusirikare w'intwazangabo akiri mu kazi, atagishoboye akazi canke yakukurutse, aravuzwa akongera akaronswa imiti we nyene ubwiwe co kimwe n'uwo bubakanye hamwe n'abana biwe batarashikana imyaka y'ukwihagararira imbere y'amategeko hamwe n'abafatwa nkabo hisunzwe ibitegekanijwe bishingwa n'amategeko avyerekeye.

Umupfakazi canke umupfakare, abana batarakwiza imyaka y'ukwihagararira imbere y'amategeko canke abafatwa nk'abo basigwa n'umusirikare w'intwazangabo yapfuye babandanya baronka utwo turusho.

Ingingo ya 10:

Umupfakazi canke umupfakare w'intwazangabo yapfuye yubakanye n'uwundi aca atakaza uturusho tuvugwa mu ingingo ya 9, iya 16 n'iya 17 z'iri bwirizwa.

Abana batarakwiza imyaka y'ukwihagararira imbere y'amategeko b'umupfakazi canke b'umupfakare yubakanye n'uwundi canke abafatwa nkabo bagumana uturusho twavuzwe.

Ingingo ya 11 :

Mu gihe umusirikare w'intwazangabo apfuye yari akiri mu kazi, abafise uburenganzira ku bisigi bararonswa umushahara w'ukwezi yapfiriye mu bakongera bakaronswa amafaranga ahabwa abafise uburenganzira ku bisigi angana n'umushahara w'amezi icumi n'abiri.

Igisirikare c'Uburundi ni co gitanga amafaranga yo guhamba Umusirikare w'intwazangabo apfuye yari akiri mu kazi, atagishoboye akazi canke yarakukurutse, ayo uguhamba uwo bari bubakanye, abana biwe batarakwiza imyaka y'ukwihagararira imbere y'amategeko n'abafatwa nka bo, kiretse umusirikare w'intwazangabo apfuye muri ubu buryo bukurikira:

- a) mu gihe yiyahuye;
- b) mu gihe apfuye yari yarenze amategeko.

Le montant des frais funéraires est déterminé par l'Ordonnance conjointe des Ministres ayant les finances et la défense Nationale dans leurs attributions.

Article 12:

L'Officier a droit au déplacement du domicile au lieu de service et vice versa.

A deux ans du départ en retraite, il a droit d'importer un seul véhicule d'usage d'affaire et promenade exonéré des frais de douane et taxes.

Article 13 :

L'Officier peut suivre des cours de formation dans les universités ou instituts tant nationaux qu'étrangers, jugés utiles par la Force de Défense Nationale du Burundi.

Il porte le titre acquis à l'issue de la formation et bénéficie des primes liées à son grade académique déterminées par décret.

Article 14 :

L'Officier doit suivre des stages de perfectionnement dans les conditions déterminées par le Chef de la Force de Défense Nationale du Burundi.

Un stage réussi donne lieu à une bonification du titre obtenu dans les conditions déterminées par décret.

Les bonifications et les primes ne sont pas cumulatives pour une même formation.

Article 15:

Une allocation de fin de carrière équivalant à quatre mois du salaire brut est accordée à tout Officier de la Force de Défense Nationale du Burundi ayant atteint l'âge limite de retraite.

Igitigiri c'amafaranga yo guhamba uwapfuye ashingwa n'itegeko rishirwako umukono n'Umushikiranganji w'ikigega ca Reta hamwe n'Umushikiranganji w'ukwivuna abansi.

Ingingo ya 12 :

Umusirikare w'intwazangabo arafise uburenganzira bw'ukwunguruzwa ava imuhira aja ku kazi canke ava ku kazi aja imuhira.

Asigaje imyaka ibiri ngo akukuruke, Umusirikare w'intwazangabo arafise uburenganzira bwo kwinjiza mu gihugu atarishye amafaranga ya duwane hamwe n'amatagisi umuduga umwe gusa wo gutemberamwo.

Ingingo ya 13 :

Umusirikare w'intwazangabo arashobora gukurikirana inyigisho mu mashure kaminuza yo mu gihugu canke yo mu bindi bihugu Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi rubona ko zifise akamaro.

Yitirirwa izina ry'iteka yaronse arangije izo nyigisho agaca ahabwa n'uturusho tujanye n'urupapuro rw'umutsindo rwa kaminuza yaronse dutomorwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Ingingo ya 14 :

Umusirikare w'intwazangabo ategerezwa gukurikirana inyigisho z'ugukarisha ubwenge hisunzwe ibisabwa bishingwa n'Umukuru w'Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi.

Aronse amanota meza mu nyigisho z'ugukarisha ubwenge arabironkera akarusho kajanye n'izina ry'iteka aba yaronse nk'uko bitomorwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Uturusho n'udushirikabute ntidutangirwa rimwe ku nyigisho zimwe.

Ingingo ya 15 :

Umusirikare w'intwazangabo wese w'Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi ashikanye imyaka y'ugukukuruka mu kazi aratekererwa impamba y'uko akazi gahenze ingana n'amezi ane y'umushahara yari agezeke ata kivuyeko.

Article 16:

L'Officier a droit au loyer d'habitation déterminé par décret.

Cet avantage est suspendu si l'Officier est incarcéré. En cas d'acquittement, l'Officier est régularisé.

La veuve ou le veuf, les enfants mineurs ou assimilés de l'Officier décédé étant en activité, continuent de bénéficier de ce loyer d'habitation jusqu'à l'âge présumé de la retraite de l'Officier ou à l'âge de la majorité de l'enfant mineur ; exception faite à l'Officier décédé dans les circonstances ci-après :

- a) en cas de suicide ;
- b) en cas de décès quand l'Officier est dans un état de violation de la loi.

Article 17:

L'Officier en activité ou réformé bénéficie des facilités de l'Etat pour l'accès au crédit du premier logement dans le cadre de la politique générale du Gouvernement du Burundi en matière d'habitat.

En cas de décès d'un Officier étant en activité, l'Etat supporte le reste du crédit susmentionné lorsque ledit crédit a été avalisé par l'employeur ; exception faite à l'Officier décédé dans les circonstances ci-après :

- a) en cas de suicide ;
- b) en cas de décès quand l'Officier est dans un état de violation de la loi.

Les arriérés de remboursement restent à la charge de ses ayants droit si l'officier est décédé dans les circonstances ci-après:

- a) en cas de suicide;
- b) en cas de décès quand l'officier est dans un état de violation de la loi.

Ingingo ya 16 :

Umusirikare w'Intwazangabo arafise uburenganzira bwo kuronka akarusho kajanye n'uburaro gatomorwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Ako karusho karahagarikwa iyo Intwazangabo ipfunzwe. Mu gihe yambitswe izera, aca asubizwa amafaranga yose y'uburaro yari yahagaritswe.

Umupfakazi canke umupfakare, abana batarakwiza imyaka y'ukwihagararira imbere y'amategeko canke abafatwa nkabo b'Umusirikare w'Intwazangabo yapfuye akiri mu kazi, babandanya baronswa akarusho kajanye n'uburaro gushika ku myaka iyo ntwazangabo yokukurukiyeko canke gushika umwana mutoyi ashikanye imyaka yo kwihagararira imbere y'amategeko; ivyo ntivyerekeye Umusirikare w'Intwazangabo apfuye mu buryo bukurikira:

- a) mu gihe yiyahuye;
- b) mu gihe apfuye yari yarenze amategeko.

Ingingo ya 17 :

Umusirikare w'Intwazangabo akiri mu kazi canke atakigashoboye Reta iramworohereza mu kuronka ingurane y'uburaro bwa mbere mu ntumbero yo gushira mu ngiro poritike ya Reta mu bijanye n'uburaro.

Mu gihe Umusirikare w'Intwazangabo apfuye akiri mu kazi, Reta ni yo ica imurihira umwenda uvugwa mu gahimba ka mbere yari asigaje kuriha iyo ngurane yayironkejwe umukoresha ariwe yamubereye umwishingizi; ivyo ntivyerekeye Umusirikare w'Intwazangabo apfuye mu buryo bukurikira:

- a) mu gihe yiyahuye;
- b) mu gihe apfuye yari yarenze amategeko.

Amafaranga uwo Musirikare w'Intwazangabo atashoboye kuriha bimuvuyeko aca arihwa n'abafise uburenganzira ku matungo yiwe iyo apfuye mu bihe bukurikira:

- a) mu gihe yiyahuye;
- b) mu gihe apfuye yari yarenze amategeko.

Article 18:

Au cours de sa carrière, un Officier de la Force de Défense nationale du Burundi peut bénéficier des distinctions honorifiques.

Les critères d'éligibilité, les modalités pratiques, les insignes de décoration ainsi que les avantages liés à cet acte sont déterminés par décret.

Un décret fixe d'autres avantages liés à la catégorie des Officiers généraux.

SECTION 2 : DES DEVOIRS ET INCOMPATIBILITES**Article 19:**

L'Officier a pour devoirs de :

- a) accomplir personnellement et consciencieusement ses tâches ;
- b) exécuter, dans les limites de la loi, les ordres de ses supérieurs dans l'intérêt du service et l'exécution des règlements militaires ;
- c) respecter les consignes et les directives données par les autorités de la Force de Défense Nationale du Burundi ;
- d) être digne et faire preuve de la plus grande politesse, tant dans ses rapports avec ses supérieurs, ses égaux et ses inférieurs que dans ses rapports avec le public ;
- e) œuvrer pour la sauvegarde de l'unité nationale ;
- f) éviter, dans sa vie privée comme dans le service, tout ce qui pourrait ébranler la confiance du public ou compromettre l'honneur de la Force de Défense Nationale du Burundi et la dignité de ses fonctions ;
- g) veiller à ce que son conjoint, ses descendants ou toute autre personne agissant à sa place n'exercent une activité qui serait de nature à nuire à l'accomplissement des devoirs liés à ses

Ingingo ya 18:

Akiri mu kazi, Umusirikare w'Intwazangabo w'Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi arashobora kwambikwa ibidari bihabwa abatewe iteka n'igihugu.

Ibifatirwako mu gutorwa, ingene bikorwa, ibidari yambikwa hamwe n'uturusho bijana bishingwa n'itegeko ry' Umukuru w'Igihugu.

Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu rirashinga utundi turusho Abasirikare b'Abajenerari bahabwa.

AGACE KA 2: IVYO UMUSIRIKARE W'INTWAZANGABO ATEGEREJWE N'IVYO ATABANGIKANYA N'AMABANGA AJEJWE**Ingingo ya 19:**

Umusirikare w'Intwazangabo ategerejwe ibi bikurikira:

- a) gukora we nyene ubwiwe ibikorwa ashinzwe akabirangurana umutima runtu;
- b) gukurikiza, hatirengagijwe ibitegekanijwe n'amategeko, ivyo ategetswe n'abamukurira ku neza y'akazi hamwe n'ugushira mu ngiro amategeko y'igisirikare;
- c) kwubahiriza ibimenyetso vyumvikanyweko n'intumbero z'ibikorwa bishikirizwa n'abarongoye Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi;
- d) kugendera ubuntu no kwerekana urupfasoni, haba mu migenderanire afitaniye n'abamusumvya ipete, abo baringanya, abo arisumvya ndetse n'imbere y'abenegihugu ;
- e) gukora mu ntumbero yo kubungabunga ubumwe bw' abarundi;
- f) kwirinda, haba mu buzima bwiwe canke mu kazi, ico cose cotuma atizerwa n'abenegihugu canke cotesha agateka Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi kandi kigatuma amabanga ajejwe asuzugurwa;
- g) kwitwararika ko uwo bubakanye, abamukomokako canke umuntu uwo ari we wese akora kw'izina ryiwe badakora igikorwa gishobora kubangamira irangurwa ry'ivyo

fonctions ou qui ne se concilierait pas avec celles-ci ;

- h) porter secours à toute personne en danger pendant ou en dehors de l'exercice de ses fonctions.

Article 20:

Il est particulièrement interdit à l'Officier de :

- a) se livrer à des activités en opposition avec les lois, les institutions et les pouvoirs établis ou portant atteinte à la sécurité, à l'intégrité et à la souveraineté du pays ou de participer à des mouvements qui se livreraient à de telles activités;
- b) de participer dans des activités de mercenariat, de terrorisme ou de tout autre groupe armé ;
- c) adhérer aux partis politiques, associations ou mouvements à caractère politique ;
- d) d'organiser ou prendre part à des activités visant à provoquer une mutinerie ou grève ;
- e) accepter ou exiger, que ce soit directement ou par personnes interposées, des dons ou tout autre avantage en raison de leurs charges, d'agréer des offres ou promesses ayant la même cause ;
- f) accorder, accepter ou demander des faveurs;
- g) exercer une activité quelconque en dehors de leurs activités professionnelles qui serait de nature à nuire à l'accomplissement de ses devoirs ou qui serait incompatible avec ses fonctions ;
- h) révéler, même après la cessation de ses fonctions et/ou de sa carrière, des faits dont il aurait connaissance en raison de ses fonctions et qui auraient un degré de sécurité confidentiel ou davantage de par leur nature ou de par les prescriptions des supérieurs hiérarchiques ;
- i) contracter un mariage inter-catégorie dans les corps de défense et de sécurité sauf si l'un des deux renonce à l'un de ces corps;
- j) contracter un mariage avec une personne de nationalité étrangère;

ategerejwe bijanye n'imirimo yiwe canke bidafadikanywa n'imirimo ashinzwe;

- h) gutabara umuntu wese igihe umutekano wiwe ubangamiwe mu gihe ariko ararangura amabanga ajejwe canke atariko ararangura.

Ingingo ya 20:

Birabujijwe na cane cane ko umusirikare w'intwazangabo agira ibi bikurikira:

- a) gukora ibikorwa biteye kubiri n'amabwirizwa n'amategeko, bitubahiriza inzego hamwe n'ubutegetsi bwashizweho canke ibihungabanya umutekano w'igihugu, ibitubahiriza imbibe z'igihugu hamwe n'ubwigenge bwaco canke kuja mu migwi yoba ikora ibikorwa nk' ivyo;
- b) kuja mu bikorwa vy'ubucangero, ivy'iterabwoba canke ivy'uwundi mugwi wose witwaje ibirwanisho;
- c) kuja mu migambwe, mu mashirahamwe canke imihari ifise intumbero ya poritike;
- d) Gutegura canke kuja mu bikorwa bifise intumbero yo gutera imigumuko canke yegereyegere;
- e) kwakira canke gusaba yaba we nyene ubwiwe canke abicishije ku bandi ingabire canke akandi karusho ako ari ko kwose yitwaje amabanga ajejwe, kwemera ivyo bamuha canke ivyo bamwemerera biri muri iyo ntumbero nyene ;
- f) kworohereza, kwemera canke gusaba kworoherezwa;
- g) gukora igikorwa ico ari co cose kitajanye n'umwuga wabo gishobora kubangamira irangurwa ry'ivyo ategerejwe canke kitashobora kubangikanywa n'amabanga ajejwe;
- h) gushira ahabona, n'aho yoba yarahagaritse burundu amabanga yari ajejwe canke umwuga wiwe, ivyakoze yoba yaramenye kubera amabanga yari ajejwe kandi vyari bitegerezwa kugumizwa mw'ibanga kubera ukugene bimeze canke kubera vyategetswe n'abategetsi mu gisirikare.
- i) kugira ubugeni n'umusirikare wo mu rwego rw'ukwivuna abansi canke n'uwuri mu rwego rujejwe umutekano kiretse iyo umwe muri abo yemeye kuva mu rwego arimwo;
- j) kugira ubugeni n'umuntu afise ubwenegihugu bw'ikindi gihugu;

k) contracter le mariage, enceinter ou tomber enceinte avant une année de prestation dans une unité y compris la période de stage.

Article 21:

Sont incompatibles avec la qualité d'Officier en activité:

- a) tout mandat politique ou activité quelconque de nature à entraver le fonctionnement et les intérêts de la Force de Défense Nationale du Burundi;
- b) être membre du conseil ou des organes administratif(s) des sociétés privées, commerciales ou industrielles à l'exception de ceux représentant les intérêts des membres de la Force de Défense Nationale du Burundi ou de l'Etat dans ces établissements privés;
- c) avoir, dans une entreprise privée ou dans un secteur placé sous son contrôle direct ou en relation avec lui, quel que soit son mode de gestion ou sa dénomination, des intérêts de nature à l'inciter à ne pas bien accomplir son travail ou à restreindre l'indépendance et l'objectivité de son action dans l'emploi qu'il exerce.

CHAPITRE IV : DE LA NOTATION

Article 22:

L'Officier fait objet d'une notation annuelle ou occasionnelle. La notation annuelle est établie le 1^{er} Mai de chaque année.

La notation occasionnelle est établie lors des mutations, à la fin des stages, des missions ou sur demande des chefs hiérarchiques compétents. Si la mutation est opérée après six mois, la notation occasionnelle est établie par l'unité d'origine.

k) kugira ubugeni, gutwaza canke gutwara inda ataramara umwaka mu kazi mu mugwi arimwo harimwo n'ikiringo c'ukwimenyereza akazi.

Ingingo ya 21:

Ivyo Umusirikare w'Intwazangabo akiri mu kazi atabangikanya n'amabanga ajejwe ni ibi:

- a) amabanga yose ya poritike canke akazi kwose gashobora gutuma Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi rutarangura neza imirimo rushinzwe no kubangamira inyungu zarwo;
- b) kuja mu bagize urwego nshingwantwano canke mu nzego z'amashirahamwe y'abikorera utwabo, yaba ay'ubudandaji canke amahinguriro kiretse iziserukira inyungu z'abagize Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi canke iza Reta muri ayo mashirahamwe y'abikorera utwabo;
- c) kuba afise, mw'ishirahamwe ry'abikorera utwabo canke mu gisata ajejwe gucungera canke hari ico akorana n'ico gisata, uko kiba gitunganijwe kwose canke uko kiba citwa kwose, inyungu zimutuma atarangura neza umurimo ashinzwe canke zikagabanya ubwigenge bwiwe zikongera zikamubuza gucisha aho ukuri kuri mu vyo akora mu kazi ashinzwe.

IGICE CA IV: IVYEREKEYE AMANOTA

Ingingo ya 22:

Umusirikare w'Intwazangabo arahabwa amanota ku mwaka ku mwaka canke rimwe na rimwe. Amanota yo ku mwaka ku mwaka atangwa kw'igenekerezo rya mbere Rusama ku mwaka ku mwaka.

Ugutanga amanota rimwe na rimwe bigirwa igihe umusirikare w'Intwazangabo arungitswe gukorera ahandi, arangije inyigisho z'ukwimenyereza akazi, agize ingendo z'akazi canke bisabwe n'abamutwara babifitiye ububasha. Iyo Umusirikare w'Intwazangabo arungitswe gukorera ahandi inyuma y'amezi atandatu, amanota atangwa rimwe na rimwe aca atangwa n'umugwi yahora akoreramwo.

Article 23:

La notation de l'Officier a pour but d'éclairer le commandement sur son mérite, la manière de servir et ses aptitudes.

Article 24:

La notation est établie sous forme d'un bulletin. La procédure de notation et la contexture du bulletin de notation sont précisées par une ordonnance du Ministre ayant la Défense Nationale dans ses attributions sur proposition du Chef de la Force de Défense Nationale du Burundi.

L'officier détaché transmet annuellement à l'Institution d'origine son bulletin de signalement pour exploitation administrative et les effets y afférents en sa qualité d'Officier.

L'appréciation générale de l'Officier détermine le mérite par les mentions ci-après :

- a) Elite : entre 90 et 100 % ;
- b) Très bon : entre 70 et 89 % ;
- c) Bon : entre 60 et 69 % ;
- d) Assez bon : entre 50 et 59 % ;
- e) Insuffisant : inférieur à 50%.

Article 25 :

Le bulletin de notation est remis à l'Officier noté par le premier échelon de notation pour prise de connaissance et signature.

En cas de contestation de la notation, le recours est porté par écrit à l'échelon de révision endéans sept jours à compter de la date de réception du bulletin de notation.

Ingingo ya 23:

Ugutanga amanota bifise intumbero y'ukwerekaba abatwara Igisirikare ico Umusirikare w'Intwazangabo amaze, ingene akora n'ivyo ashoboye.

Ingingo ya 24:

Amanota Umusirikare w'Intwazangabo ahabwa yandikwa kw'ifishi y'amanota yo ku kazi. Ingene amanota atangwa n'uko urwo rwandiko ruba rumeze bitomorwa n'itegeko ry'Umushikiranangaji w'ukwivuna abansi bishikirijwe n'Umukuru w'Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi.

Umusirikare w'intwazangabo yashinzwe ayandi mabanga atari ay'igisirikare aja ararungika ku mwaka ku mwaka mu rwego yavuyemwo ifishi y'amanota yo ku kazi yaronse kugira ruyikoreshe muvyerekeye akazi n'uturusho tujanye n'uko ari Umusirikare w'Intwazangabo.

Muri rusangi Umusirikare w'Intwazangabo, mu kumushimira ku vyo yaranguye n'ingene yigenjeje bitomorwa muri ubu buryo bukurikira:

- a) Amanota y'indatwa: amanota ari hagati ya 90 na 100%;
- b) Amanota meza cane: amanota ari hagati ya 70 na 89%;
- c) Amanota meza: amanota ari hagati ya 60 na 69%;
- d) Amanota adashemeye: amanota ari hagati ya 50 na 59%;
- e) Amanota mabi cane: amanota adashika 50%.

Ingingo ya 25:

Ifishi y'amanota yo ku kazi irashikirizwa Umusirikare w'Intwazangabo yahawe amanota ku rugero rwa mbere, kugira amenye amanota yaronse aheze yemeze ko yemeye ibiri kuri iyo fishi.

Mugihe Umusirikare w'Intwazangabo adashimishijwe n'amanota yaronse mu kazi, aca yitwara, abicishije mu rwandiko, ku rwego rukurira urwamuhaye ayo manota mu kiringo c'imisi indwi giharurwa kuva kw'igenekerezo yaronkeyeko ifishi y'amanota.

Si la réponse n'est pas donnée endéans quinze jours ouvrables ou n'est pas favorable, l'intéressé saisit l'échelon d'attribution définitive.

Article 26 :

Tout Officier qui a obtenu deux fois de suite la cote de l'appréciation générale «INSUFFISANT» doit comparaître devant un Conseil d'Enquête désigné par le Ministre ayant la Défense Nationale dans ses attributions sur proposition du Chef de la Force de Défense Nationale du Burundi.

Le Conseil d'Enquête composé d'au moins cinq Officiers donne dans son rapport des avis et considérations sur le comportement et la manière de servir de l'Officier ainsi que des propositions.

Article 27 :

En cas de proposition de mise en disponibilité pour motif disciplinaire, rétrogradation ou révocation par le Conseil d'Enquête, le Ministre ayant la Défense Nationale dans ses attributions propose au Président de la République la mise en disponibilité pour motif disciplinaire, rétrogradation ou révocation de l'Officier dont l'appréciation générale du mérite est jugée insuffisante.

CHAPITRE V : DE L'AVANCEMENT DE GRADE

Article 28 :

L'avancement de grade se réalise par la promotion de l'Officier au grade immédiatement supérieur. Les grades de nomination des Officiers se succèdent dans l'ordre hiérarchique ci-après :

- a) Sous- Lieutenant ;
- b) Lieutenant ;
- c) Capitaine ;
- d) Major ;
- e) Lieutenant- Colonel ;
- f) Colonel ;
- g) Général de Brigade ;

Iyo inyishu idatanzwe mu kiringo c'imisi icumi n'itatu y'akazi canke iyo inyishu itanzwe itamushimishije, uwo vyerekeye aca yitura urwego rutanga amanota mu kazi ku rugero rwa nyuma.

Ingingo ya 26 :

Umusirikare w'Intwazangabo wese yaronse amanota «MABI CANE » kabiri yikurikiranyaga ategerezwa guca arenguka mu Mugwi ujejwe gukora itohoza ushingwa n'Umushikiranganji ajejwe ukwivuna abansi abishikirijwe n'Umukuru w'Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi.

Umugwi ujejwe gukora itohoza ugizwe n'imiburiburi n'abasirikare b'intwazangabo batanu urashikiriza, biciye mu cegeranyo, ivyo watohoje bijanye n'inyifato y'uwo musirikare w'Intwazangabo n'ingene akora hamwe n'inama uwo mugwi ugira Umushikiranganji.

Ingingo ya 27:

Mu gihe Umugwi ujejwe itohoza usavye ko umusirikare w'Intwazangabo ahagarikwa mu kazi mu kiringo kanaka kubera ukwigenza nabi, akororwa ipete canke yirukanwa mu kazi, Umushikiranganji ajejwe ukwivuna abansi arasaba Umukuru w' Igihugu ko yofata ingingo yo guhagarika Umusirikare w'Intwazangabo yaronse amanota mabi cane mu kazi mu kiringo kanaka kubera ukwigenza nabi, ko yokororwa ipete canke yokwirukanwa mu kazi.

IGICE CA V: IVYEREKEYE UKUDUZWA IPETE

Ingingo ya 28:

Umusirikare w'intwazangabo yunguruzwa ku rindi pete mu kumuduza akajya kw'ipete rikurikira iryo yari asanganywe. Amapete y'Intwazangabo mugisirikare asumbasumbana uku gukurikira uherye kuri ritoyi:

- a) Suriyetena;
- b) Riyetena;
- c) Kapiteni;
- d) Majoro;
- e) Riyetena Koroneri;
- f) Koroneri;
- g) Jenerari wa Birigade;

<p>h) Général-Major ; i) Lieutenant-Général ; j) Général.</p> <p>Article 29 : Les Sous- Lieutenants, les Lieutenants et les Capitaines sont appelés Officiers subalternes.</p> <p>Les Majors, les Lieutenants-Colonels et les Colonels sont appelés Officiers supérieurs.</p>	<p>h) Jenerari Majoro; i) Riyetena Jenerari; j) Jenerari.</p> <p>Ingingo ya 29 : Suriyetena, Riyetena na Kapiteni ni Intwazangabo zisanzwe.</p> <p>Majoro, Riyetena Koroneri na Koroneri ni Intwazangabo nkuru.</p>
<p>Les Généraux de Brigade, les Généraux-Majors, les Lieutenants-Généraux et les Généraux sont appelés Officiers Généraux.</p> <p>Article 30: Pour que l'Officier soit promu à un grade supérieur, il faut qu'il y ait à la date de nomination, un emploi vacant correspondant selon le tableau ci-après :</p>	<p>Jenerari wa Birigade, Jenerari Majoro, Riyetena Jenerari na Jenerarini Intwazangabo mu mugwi w'Abajenerari.</p> <p>Ingingo ya 30: Kugira Umusirikare w'Intwazangabo aduzwe kw'ipete rikurikira iryo yari asanganywe hategerezwa, kw'igenekerezo ageneweko kuba hariho ikibanza kigaragara gihura n'ipete aronse hakurikijwe urutonde rukurikira:</p>
<p>Sous-Lieutenant : Chef de Peloton ou équivalent.</p> <p>Lieutenant : Chef de Peloton ou équivalent.</p> <p>Capitaine : Commandement Compagnie ou équivalent; : Chef de service Bataillon ou équivalent.</p> <p>Major : Commandant Compagnie ou équivalent ; : Commandement Bataillon ou équivalent ; : Chef de service Bataillon ou équivalent ; : Chef de Bureau Brigade ou équivalent ; : Chef de Bureau dans les Divisions ou équivalent.</p> <p>Lieutenant- Colonel : Commandement Bataillon ou équivalent ; : Chef de Bureau Brigade ou équivalent ; : Commandement Brigade ou équivalent ;</p>	<p>Suriyetena :Umukuru w'lperoto canke uwufatwa nka we; Riyetena :Umukuru w'lperoto canke uwufatwa nka we; Kapiteni :Uwutwara lkompanyi canke uwufatwa nka we; :Umukuru w'ibatayo canke uwufatwa nka we. Majoro : Komanda w'lkompanyi canke uwufatwa nka we; : Uwutwara Ibatayo canke uwufatwa nka we; : Umukuru w'Ibatayo canke uwufatwa nka we; : Umukuru w'Ibiro vya Birigade canke uwufatwa nka we; : Umukuru w'Ibiro vy'Amadiviziyo canke uwufatwa nka we.</p> <p>Riyetena Koroneri: Uwutwara Ibatayo canke uwufatwa nka we; :Umukuru w'Ibiro vya Birigade canke uwufatwa nka we; : Uwutwara Ibirigade canke uwufatwa nka we;</p>

<p>: Chef de Bureau dans les Divisions ou équivalent ;</p> <p>: Chef de Bureau dans les composantes ou équivalent;</p> <p>: Chef de Bureau dans les Services de l'EMG/FDNB ou équivalent.</p>	<p>:Umukuru w'Iburo vy'Amadiviziyo canke uwufatwa nka we;</p> <p>:Umukuru w'Iburo mu bisata bigize Urwego rw'ukwivuna abansi canke uwufatwa nka we;</p> <p>: Umukuru w'Iburo mu Bisata vy'Iburo bikuru vy'Urwego rw'ukwivuna abansi canke uwufatwa nka we.</p>
<p>Colonel : Commandement Brigade ou équivalent</p> <p>: Chef de Bureau Division ou équivalent ;</p> <p>: Commandement Division ou équivalent</p> <p>: Chef de Bureau dans les Composantes ou équivalent ;</p> <p>: Chef de Service EMG/FDNB ou équivalent.</p> <p>Général de Brigade: Commandement Division ou équivalent ;</p> <p>: Chef de Service EMG/FDNB équivalent ;</p> <p>:Commandement Composante ou équivalent.</p> <p>Général-Major : Chef de Service EMG/FDNB ou équivalent ;</p> <p>: Commandement Force Terrestre.</p> <p>Lieutenant Général: Chef Adjoint de la Force de Défense Nationale du Burundi.</p> <p>Général : Chef de la Force de Défense Nationale du Burundi.</p>	<p>Koroneri: Uwutwara Birigade canke uwufatwa nka we</p> <p>:Umukuru w'Iburo vya Diviziyo canke uwufatwa nka we;</p> <p>:Uwutwara Diviziyo canke uwufatwa nka we;</p> <p>: Umukuru w'Iburo mu bisata bigize Urwego rw'ukwivuna abansi canke uwufatwa nka we;</p> <p>: Umukuru w'Iburo bikuru vy'Urwego rw'ukwivuna abansi canke uwufatwa nka we.</p> <p>Jenerari wa Birigade: Uwutwara Diviziyo canke uwufatwa nka we;</p> <p>:Umukuru w'Iburo bikuru vy'Urwego rw'ukwivuna abansi canke uwufatwa nka we;</p> <p>: Uwutwara Iburo bikuru mu Rwego rw'ukwivuna abansi canke uwufatwa nka we.</p> <p>Jenerari Majoro: Umukuru w'Iburo bikuru vy'Urwego rw'ukwivuna abansi canke uwufatwa nka we;</p> <p>: Uwutwara Abagwanira hasi</p> <p>Riyetena Jenerari: Icegera c' Umukuru w'Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi.</p> <p>Jenerari: Umukuru w'Urwego rwo kwivuna abansi rw'Uburundi.</p>

Sans préjudice à cette disposition, selon les besoins du commandement, un Officier peut exercer une fonction supérieure qui ne correspond pas au grade revêtu.

L'équivalence des fonctions est régie par un texte spécifique.

Article 31:

La promotion au grade immédiatement supérieur pour les Officiers se fait suivant l'ordre des grades ci-après et selon l'appréciation du commandement:

- Sous- Lieutenant au Lieutenant : 1 an
- Lieutenant au Capitaine : 3- 5 ans
- Capitaine au Major : 5- 8 ans
- Major au Lieutenant- Colonel : 5- 8 ans
- Lieutenant- Colonel à Colonel : 5- 8 ans

Aucun Officier ne peut être promu s'il s'est vu infligé une punition marquante au sens du règlement sur la discipline militaire au cours des six derniers mois qui précèdent la nomination ou s'il a un dossier disciplinaire ou pénal en cours.

L'Officier qui ne réussit pas un stage d'application, de perfectionnement ou toute autre formation commandée par le Chef de la Force de Défense Nationale du Burundi, soit dans le pays, soit dans un pays étranger est retardé d'une année à l'avancement.

La nomination dans la catégorie des Officiers Généraux est du pouvoir discrétionnaire du Commandant en Chef des Corps de Défense et de Sécurité.

Article 32:

Sans préjudice aux conditions énumérées aux articles 30 et 31 de la présente loi, l'Officier pour être promu doit:

Hatirengagijwe ibitegekanijwe muri iyi ngingo, bivanye n'ibikenewe mu gutwara, Umusirikare w'Intwazangabo arashobora kurangura amabanga arengeye ipete afise.

Ukunganishaubuzi bigengwa n'amategeko vyiharije.

Ingingo ya 31:

Ukuduza Umusirikare w'Intwazangabo kw'ipete rikurikira iryo yari asanganywe bigirwa hisunzwe uko amapete agenda arakurikirana kandi bivanye n'ingene abamutwara bamushima mu kazi:

- Suriyetena aba Riyetena : haciye umwaka umwe
- Riyetena aba Kapiteni : kuva ku myaka 3 gushika ku myaka 5
- Kapiteni aba Majoro kuva ku myaka 5 gushika ku myaka 8
- Majoro aba Riyetena Koroneri kuva ku myaka 5 gushika ku myaka 8
- Riyetena Koroneri aba Koroneri kuva ku myaka 5 gushika ku myaka 8

Nta musirikare w'Intwazangabo n'umwe ashobora kuduzwa ipete iyo yahawe, hisunzwe amategeko agenga inyifato mu gisirikare igihano gikomeye mu mezi atandatu imbere yuko agenwa canke iyo yugururiwe idosiye ijanye n'inyifato mu kazi canke ariko arakurikiranwa n'ubutungane ku vyaha.

Umusirikare w'Intwazangabo atashoboye inyigisho z'ukwimenyereza akazi, iz'ugukarisha ubwenge canke izindi zose zashinzwe n'Umukuru w'Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi, zaba izibera mu gihugu canke mu mahanga, aca asibira umwaka w'ukuduzwa ipete.

Kizigenza w'Inzego zijewe ukwivuna abansi n'umutekano ni we afise ububasha bwo kugena Umusirikare w'Intwazangabo kw'ipete ryo mu mugwi wa Jenerari atawe agishije inama.

Ingingo ya 32:

Hatirengagijwe ibisabwa bidondaguwe mu ngingo ya 30 n'ya 31 y'iri bwirizwa, kugira Umusirikare w'Intwazangabo aduzwe ipete ategerezwa:

- a) être discipliné ;
- b) avoir les connaissances, les aptitudes physiques et professionnelles ;
- c) avoir les qualités morales requises pour exercer la fonction du grade supérieur de nomination.

Article 33 :

Le Président de la République nomme, sur proposition du Ministre ayant la Défense Nationale dans ses attributions, les Officiers aux différents grades visés à l'article 28 de la présente loi.

Article 34 :

Le Président de la République peut, sur proposition du Ministre ayant la défense nationale dans ses attributions, commissionner un Officier au grade supérieur.

Article 35 :

L'ancienneté dans le grade est déterminée par la date de nomination à ce grade.

L'ancienneté relative des Officiers du même grade, nommés à la même date est déterminée par le classement établi à la prestation de serment de l'Officier.

Article 36 :

Est décomptée de l'ancienneté dans le grade dont l'Officier est revêtu, la période de non activité pour :

- a) condamnation à une sanction pénale privative de liberté;
- b) absence reconnue irrégulière;
- c) mise en disponibilité pour motif disciplinaire ou pour convenance personnelle;
- d) congé d'expertise.

Article 37 :

Aucune promotion au grade supérieur ne peut être accordée pendant la période de non activité de service.

- a) kuba afise inyifato nziza;
- b) kuba afise ubumenyi, amagara meza n'ubushobozi bw'ukurangura umwuga w'Igisirikare;
- c) kuba afise inyifato ibereye kugira ashobore kurangura umurimo ujanye n'ipete ahawe.

Ingingo ya 33 :

Umukuru w'Igihugu aragenda, abashikirijwe n'Umushikiranaji ajejwe ukwivuna abansi, Abasirikare b'Intwazangabo ku mapete atandukanye avugwa mu ngingo ya 28 y'iri bwirizwa.

Ingingo ya 34:

Umukuru w'Igihugu arashobora, abashikirijwe n'Umushikiranaji ajejwe ukwivuna abansi, gusimbisha ipete Umusirikare w'Intwazangabo.

Ingingo ya 35:

Imyaka Umusirikare w'Intwazangabo amaranye ipete iharurwa uhereye kw'igenekerezo yaronkeyeko iryo pete.

Abasirikare b'Intwazangabo banganya ipete kandi barironkeye kw'igenekerezo rimwe basumbanya uburambe mu kazi hafatiwe ku rutonde rw'ingene bagiye barakurikirana mu kurahira.

Ingingo ya 36:

Ntigiharurwa mu myaka Umusirikare w'Igisongerezi amaze kw'ipete, ikiringo cose yamaze atari ku kazi kubera :

- a) yaciriwe igihano c'ugupfungwa;
- b) yasivye ku kazi atabirekuriwe n'amategeko;
- c) yahagaritswe mu kazi mu kiringo kanaka kubera amakosa y'akazi canke yahagaritse akazi bimuvuyeko;
- d) yari mu karuhuko k'ukurangura iyindi mirimo afisemwo ubuhinga.

Ingingo ya 37:

Umusirikare w'Intwazangabo ntashobora kuduzwa kw'ipete rikurikira iryo afise mu kiringo atariko arakora akazi ashinzwe.

<p>CHAPITRE VI : DES TRAITEMENTS, PRIMES ET INDEMNITES</p> <p>Article 38 : Pendant la période d'activité, l'Officier a droit au traitement mensuel payé à terme échu.</p> <p>L'Officier ne perçoit pas l'entièreté de son traitement s'il a fait objet d'une sanction disciplinaire.</p>	<p>IGICE CA VI: IVYEREKEYE IMISHAHARA, UDUSHIRUKABUTE N'UTURUSHO</p> <p>Ingingo ya 38: Mu gihe akiri mu kazi, Umusirikare w'Intwazangabo afise uburenganzira bw'ukuronswa umushahara uko ukwezi guheze.</p> <p>Iyo Umusirikare w'Intwazangabo yakoze ikosa rijanye n'inyifato mu kazi ntashobora kuronswa umushahara wiwe wose.</p>
<p>Article 39 : A chaque grade d'Officier correspond un traitement de base.</p> <p>L'augmentation de traitement consiste en une augmentation annuelle ajoutée au traitement initial.</p> <p>Les taux d'augmentation annuelle du traitement de base sont déterminés par une ordonnance conjointe des Ministres ayant la défense et les finances dans leurs attributions.</p> <p>Article 40 : L'avancement de grade donne droit au traitement du grade conféré.</p> <p>L'Officier promu a droit au traitement déjà atteint augmenté de la différence entre le traitement de base du nouveau grade et celui du grade précédent.</p> <p>Article 41 : Outre le traitement de base, l'Officier bénéficie selon le cas :</p> <ol style="list-style-type: none"> du loyer d'habitation; des allocations familiales ; des indemnités d'opération ; des indemnités de risque ; des indemnités de charge ; 	<p>Ingingo ya 39: Kw'ipete rimwerimwe ryose ry'Umusirikare w'Intwazangabo harategakanijwe umushahara ufatirwako bijanye.</p> <p>Ukuduza umushahara ni ukwongera amafaranga ku mwaka ku mwaka ku mushahara ufatirwako ku yo Umusirikare w'Intwazangabo yahorako.</p> <p>Urugero kw'ijana umushahara ufatirwako uduzwako ku mwaka ku mwaka rutomorwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ukwivuna abansi hamwe n'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta.</p> <p>Ingingo ya 40: Ukuduzwa ipete bitanga uburenganzira bw'ukuronswa umushahara ujanye n'iryo pete.</p> <p>Umusirikare w'intwazangabo yadugijwe ipete aronka umushahara yari agezeke hongeweko amafaranga asigara umushahara ufatirwako ujanye n'ipete rishasha ukuwemwo umushahara ufatirwako kw'ipete yahorana.</p> <p>Ingingo ya 41: Uretse umushahara ufatirwako, Umusirikare w'Intwazangabo araronswa kandi, bivanye n'ibihe ivyo ari vyo, ibi bikurikira:</p> <ol style="list-style-type: none"> amafaranga y'uburaro; amafaranga atangwa kubera umuryango; akarusho ahabwa mu gihe c'ibikorwa bijanye n'ukurwana; akarusho ahabwa kubera impanuka z'akazi zishobora kumushikira; akarushokajanye n'umurimo ajejwe ;

- f. des indemnités de servitude ;
- g. des indemnités de réforme ;
- h. des primes de spécialités ;
- i. des primes de formateur ;
- j. des primes de fonction ;
- k. des bonifications de stages.

Le traitement de base, les indemnités, les primes et les allocations sont déterminés par Décret

CHAPITRE VII : DE LA PROFESSION

Article 42 :

La profession de l'Officier commence le jour de prestation de serment et prend fin le jour de la retraite.

Ledit serment est solennel, par écrit et est libellé comme suit:

«Jewe (grade, nom et prénom, matricule) ndarahiye imbere y'Umukuru w'Igihugu n'Abagabo ko nzokwama ngamburukira Umukuru w'Igihugu, ko nzokwama nubahiriza amasezerano y'ubumwe bw'abarundi, kandi ko nzorangura neza amabanga nshinzwe nisunze ibwirizwa shingiro, amabwirizwa n'amategeko ya Republika y'Uburundi. »

Le procès-verbal de serment est signé par l'intéressé et consigné dans le Feuillet-Matricule-Contrôle de l'Officier.

Article 43 :

L'âge limite de l'Officier en service actif est fixé à :

- a) 60 ans révolus pour l'Officier général;
- b) 55 ans révolus pour l'Officier supérieur;
- c) 50 ans révolus pour l'Officier subalterne.

Sur demande de l'intéressé et acceptée par le Ministre

- f. akarushokajanye n'ukutidegemvya ;
- g. akarusho gahabwa uwukukurutse kubera atagishoboye akazi;
- h. udushirikabute tujanye n'ubuhinga;
- i. udushirikabute duhabwa abigisha abandi;
- j. udushirikabute tujanye n'amabanga;
- k. udushirikabute duhabwa abakarihirijwe ubwenge.

Umushahara ufatinwako, uturusho, udushirikabute n'ayandi mafaranga atangwa bishingwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

IGICE CA VII : IVYEREKEYE UMWUGA

Ingingo ya 42 :

Umwuga w'Umusirikare w'Intwazangabo utangura umusi ashikiririjeko indahiro ukarangira umusi akukurukiyeko.

Iyo ndahiro ishikirizwa ku mugaragaro, yanditse uku gukurikira:

«Jewe (ipete, izina n'amatazirano, inomeru imuranga) ndarahiye imbere y'Umukuru w'Igihugu n'Abagabo ko nzokwama ngamburukira Umukuru w'Igihugu, ko nzokwama nubahiriza amasezerano y'ubumwe bw'abarundi, kandi ko nzorangura neza amabanga nshinzwe nisunze ibwirizwa Shingiro, amabwirizwa n'amategeko ya Republika y'Uburundi. »

Urwandiko ruriko indahiro yashikirijwe rushirwako umukono n'Umusirikare w'Intwazangabo yarahiye bikandikwa ku rupapuro rwerekana inomeru imuranga n'isuzuma yagiriwe.

Ingingo ya 43 :

Imyaka Umusirikare w'Intwazangabo atarenza ari mu kazi ni :

- a) imyaka 60 yuzuye ku Ntwazangabo ifise ipete rya Jenerari;
- b) imyaka 55 yuzuye ku Ntwazangabo nkuru;
- c) imyaka 50 yuzuye ku Ntwazangabo isanzwe.

Umusirikare w'Intwazangabo avyisabiye kandi bikemerwa n'Umushikiranganji ajejwe ukwivuna abansi

ayant la Défense Nationale dans ses attributions, l'âge limite de l'Officier en service actif peut être prolongé d'une année.

L'Officier en prolongation de carrière n'a droit à aucune promotion.

Article 44 :

L'Officier qui justifie quinze ans de service actif peut, sur demande, être mis à la retraite anticipée.

Article 45 :

Dans l'intérêt supérieur du service, le Président de la République peut, sur proposition du Ministre ayant la Défense Nationale dans ses attributions, réformer l'Officier atteint d'une incapacité physique ou mentale constatée par une Commission Médicale habilitée.

Article 46 :

Un Officier peut être mis en non activité de service pour une durée déterminée ou indéterminée par le Président de la République sur proposition du Ministre ayant la Défense Nationale dans ses attributions, soit pour motif de convenance personnelle, soit sur rapport du Conseil d'Enquête pour motif disciplinaire.

La mise en disponibilité pour convenance personnelle est demandée une fois. Sa durée est d'un an à six ans au maximum.

L'Officier mis en non activité de service garde ses droits à la pension de vieillesse.

Article 47 :

Est considéré d'office comme étant en non activité de service :

- a) l'Officier dont l'absence a été reconnue irrégulière ;
- b) l'Officier en détention préventive ;
- c) l'Officier condamné à une peine privative de liberté ;

arashobora kwongerwa umwaka umwe ku kiringo yokukurukiyeko.

Umusirikare w'Intwazangabo yongewe ikiringo mu kazi nta burenganzira afise bwo kuduzwa ipete.

Ingingo ya 44 :

Umusirikare w'Intwazangabo amaze imyaka icumi n'itanu mu kazi arashobora, avyisabiye, gukukuruka atarashikana imyaka itegekanijwe.

Ingingo ya 45 :

Ku neza y'akazi, Umukuru w'Igihugu arashobora, bishikirijwen'Umushikiranangaji ajejwe ukwivuna abansi, gusezerera mu kazi Umusirikare w'Intwazangabo kubera atagishoboye akazi bivuye ku bumuga bw'umubiri canke bwo mu mutwe bikaba vyemejwe n'Umugwi w'abaganga ubifitiye ububasha.

Ingingo ya 46 :

Umusirikare w'Intwazangabo arashobora guhagarikwa mu kazi n'Umukuru w'Igihugu bishikirijwe n'Umushikiranangaji ajejwe ukwivuna abansi mu kiringo gitomowe canke kidatomowe aho kigarukira, vyaba bimuvuyeko canke hafatiwe ku cegeranyo cakoze n'Umugwi ujejwe itohoza kubera ukwigenza nabi mu kazi.

Umusirikare w'Intwazangabo arekuriwe gusaba rimwe gusa guhagarika akazi bimuvuyeko. Ikiringo c'uguhagarika akazi kiva ku mwaka umwe gushika ku myaka itarenga itandatu.

Umusirikare w'Intwazangabo atari mu kazi agumana uburenganzira bw'ukuronka impamba ihabwa abakukurutse kubera ubusaza.

Ingingo ya 47:

Afatwa ko atari mu kazi mu gihe:

- a) Umusirikare w'Intwazangabo asivye atabirekuriwe;
- b) Umusirikare w'Intwazangabo apfunzwe ivy'agateganyo;
- c) Umusirikare w'Intwazangabo aciriwe igihano c'ugupfungwa;

- d) l'Officier mis en disponibilité pour motif disciplinaire ;
- e) l'Officier mis en disponibilité pour convenance personnelle ;
- f) l'Officier dont la démission a été acceptée.

Article 48 :

L'Officier en position de non activité pour des raisons de captivité, bénéficie d'un traitement plein.

La durée de captivité est déterminée par les lois et règlements en vigueur.

L'Officier en position de non activité pour des raisons d'inaptitude physique définitive due à une maladie et/ou à un accident professionnels bénéficie d'une indemnité de réforme tout au long de sa vie équivalente à son traitement de base majoré du loyer d'habitation et des allocations familiales y afférentes à partir du jour de la signature du décret du Président de la République sur proposition du Ministre ayant la Défense dans ses attributions après avis de la Commission Médicale.

L'indemnité de réforme est incessible et insaisissable.

Article 49 :

L'Officier mis en non activité de service pour détention préventive ou condamnation privative de liberté ou mise en non activité à durée indéterminée pour motif disciplinaire ne bénéficie d'aucun traitement.

L'Officier mis en disponibilité par mesure disciplinaire bénéficie d'un traitement de base réduit de moitié.

Les autres punitions pouvant amputer le traitement de l'Officier sont définies dans les règlements.

- d) Umusirikare w'Intwazangabo ahagaritswe mu kazi mu kiringo kanaka kubera ukwigenza nabi;
- e) Umusirikare w'Intwazangabo ahagaritse akazi bimuvuyeko;
- f) Umusirikare w'Intwazangabo atanze imihoho akavyemererwa.

Ingingo ya 48:

Umusirikare w'Intwazangabo atari mu kazi kubera yagizwe imbohe aguma aronswa umushahara wose.

Ikiringo gifatwa ko Umusirikare w'Intwazangabo amara yitwa ko yagizwe imbohe gitomorwa n'amabwirizwa hamwe n'amategeko asanzwe akurikizwa.

Umusirikare w'intwazangabo atari mu kazi kubera afise ubumuga bw'umubiri butagikira buturutse ku ndwara canke kw'isanganya ry'akazi araronka ubuzima bwiwe bwose akarusho gahabwa uwukukurutse kubera atagishoboye akazi kangana n'amafaranga y'umushahara ufatinwako hongeweko ayo uburaro hamwe n'amafaranga ajanye n'ugushigikira umuryango kuva umusi ltegeko ry'Umukuru w'Igihugu rishiriweko umukono bishikirijwe n'Umushikiringanji ajejwe ukwivuna abansi, Umugwi w'abaganga umaze kugira ico ubivuzeko.

Akarusho gahabwa uwukukurutse kubera atagishoboye akazi ntigashobora guheberwauwundi canke ngo gafatwe n'ubutungane.

Ingingo ya 49:

Umusirikare w'Intwazangabo atari mu kazi kubera apfunzwe ivy'agateganyo canke ahawe igihano c'ugupfungwa canke akaba atari mu kazi mu kiringo kidatomoye aho kigarukira kubera yigenza nabi mu kazi ntaronswa umushahara.

Umusirikare w'Intwazangabo atari mu kazi kubera yafatiwe ingingo zijanye n'inyifato mu kazi araronswa ica kabiri c'umushahara ufatinwako.

Ibindi bihano bishobora gutuma umushahara w'Umusirikare w'Intwazangabo ugabanywa bitomorwa mu mategeko.

<p>Article 50 : Sans préjudice de l'article 54 de la présente loi, l'Officier acquitté perçoit, après réintégration administrative son traitement plein et est régularisé pour toute la durée de la procédure judiciaire.</p> <p>Article 51 : Le Président de la République peut détacher un Officier de la Force de Défense Nationale du Burundi.</p>	<p>Ingingo ya 50: Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 54 y'iri bwirizwa, Umusirikare w'intwazangabo yambitswe izera amaze gusubizwa mu kazi, arahabwa imishahara yose y'ikiringo cose atahembwe kuva urubanza rugitohozwa, rukaburanishwa gushika rucibwe.</p> <p>Ingingo ya 51: Umukuru w'Igihugu arashobora kurungika Umusirikare w'intwazangabo mu yandi mabanga atari ayo mu Rwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi.</p>
<p>Article 52: L'Officier détaché est soumis à la présente loi en ce qui concerne les avantages acquis au sein de la Force de Défense Nationale du Burundi et les droits à l'avancement de grade.</p> <p>Pour les autres avantages, l'Officier relève des règles régissant l'emploi de détachement.</p> <p>CHAPITRE VIII : DU REGIME DISCIPLINAIRE</p> <p>Article 53 : Le régime disciplinaire des Officiers est fixé par un décret.</p> <p>Ce régime ne peut comporter une sanction disciplinaire privative de liberté supérieure à quinze jours.</p> <p>L'Officier qui totalise vingt jours d'Arrêt Sans Accès par an ou quarante-cinq jours d'Arrêt Sans Accès dans sa profession doit comparaître devant un conseil d'enquête pour révocation.</p> <p>Article 54 : La procédure disciplinaire peut courir concomitamment avec la procédure pénale.</p>	<p>Ingingo ya 52: Umusirikare w'intwazangabo yarungitswe mu yandi mabanga atari ayo mu Rwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi aguma agengwa n'iri bwirizwa ku vyerekeye uturusho yaronse mu Rwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi n'uburenganzira afise bwo kuduzwa ipete.</p> <p>Ku vyerekeye utundi turusho, Umusirikare w'Igisongerezi agengwa n'amategeko agenga akazi k'aho yarungitswe gukorera.</p> <p>IGICE CA VIII. IVYEREKEYE AMATEGEKO AGENGA INYIFATO MU KAZI</p> <p>Ingingo ya 53: Amategeko agenga inyifato mu kazi y'Abasirikare b'intwazangabo ashingwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.</p> <p>Ayo mategeko ntashobora gushirwamwo igihano kijanye n'inyifato mu kazi c'ugupfungwa kirenza imisi icumi n'itanu.</p> <p>Umusirikare w'intwazangabo akwije imisi mirongo ibiri ku mwaka canke imisi mirongo ine n'itanu mu kiringo cose amara mu kazi atarekuriwe guhonyoza ikirenge ku kazi ategerezwa kurengutswa imbere y'umugwi ujejwe itohoza kugira yirukanwe.</p> <p>Ingingo ya 54: Umusirikare w'intwazangabo arashobora kuba ariko arakurikiranwa ku bijanye n'amakosa ajanye n'inyifato mu kazi akongera agakurikiranwa ku bijanye n'ivyaha.</p>

Sans préjudice à l'article 60 litera c), la décision issue de la procédure disciplinaire ne peut pas être remise en cause par la décision issue de la procédure pénale.

Toute condamnation pénale privative de liberté inférieure à six mois implique automatiquement la comparution devant un conseil d'enquête.

Article 55 :

L'Officier a droit à une assistance juridique et judiciaire en cas de poursuite ou préjudice subi pendant l'exercice de ses missions.

L'Etat est tenu de réparer les dommages causés par les tiers à l'égard de l'Officier pour le seul motif qu'il est membre de la Force de Défense Nationale du Burundi ou lors de l'exercice de ses fonctions au cas où la responsabilité de l'auteur n'est pas établie ou si ce dernier est insolvable.

Un texte réglementaire détermine les conditions, les modalités et les cas d'assistance juridique et judiciaire ainsi que les conditions d'insolvabilité.

Article 56:

Les Officiers détachés ainsi que ceux qui remplissent des fonctions dévolues à un corps spécialisé sont soumis au régime disciplinaire de l'emploi de détachement.

Au cas où l'Officier détaché encourt une sanction disciplinaire occasionnant la rupture de son détachement ou de transfert, il doit comparaitre devant un conseil d'enquête.

Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 60 akarongo ka c), ingingo ifatwa hamaze gukurikizwa intambwe zisungwa mu guhana amakosa y'akazi ntishobora kuvuguruzwa n'ingingo ifatwa urubanza rw'icaha rumaze gucibwa.

Umusirikare w'Intwazangabo aciriwe igihano cose c'ugupfungwa kidashikana amezi atandatu aca arengutswa imbere y'umugwi ujejwe itohoza.

Ingingo ya 55:

Umusirikare w'Intwazangabo arafise uburenganzira bw'ugufashwa mu vyerekeye amategeko n'ukuronswa uwumuburanira mu gihe ariko arakurikiranwa n'ubutungane canke mu gihe akorewe icaha ariko ararangura imirimo ashinzwe.

Reta itegerezwa guha indishi Umusirikare w'Intwazangabo ku vyo yononewe n'abandi ahorwa gusa ko ari umusirikare w'igihugu canke igihe ariko ararangura imirimo ashinzwe, mu gihe uwakoze icaha atamenyekanye canke ko adashoboye gutanga indishi.

Itegeko ni ryo ritomora ibisabwa, ibikurikizwa n'uwukenewe gufashwa mu vyerekeye amategeko n'ukuronswa uwumuburanira hamwe n'ivyisungwa kugira uwakoze icaha afatwe ko adashoboye gutanga indishi.

Ingingo ya 56:

Abasirikare b'intwazangabo bashinzwe ayandi mabanga atari ay' igisirikare hamwe n'abarangura amabanga agenewe urwego rufise ibintu rujejwe rwiharije bagengwa n'amategeko agenga akazi barungitswemwo.

Mu gihe Umusirikare w'Intwazangabo ahawe igihano kijanye n'inyifato mbi mu kazi bigatuma ahagarikwa mu mabanga ashinzwe atari ay'igisirikare canke ahindurirwe akazi, ategerezwa kurenguka imbere y'Umugwi ujejwe itohoza.

CHAPITRE IX : DE FIN DE CARRIERE ET LA SECURITE SOCIALE

SECTION 1 : DE FIN DE CARRIERE

Article 57:

La carrière de l'Officier prend fin par :

- a) décès;
- b) retraite anticipée;
- c) réforme;
- d) démission;
- e) révocation;
- f) retraite par limite d'âge;

La cessation définitive des services d'un Officier de la Force de Défense Nationale du Burundi pour les causes dont il est question aux points a),b),c),d) et e) du présent article ne donne pas droit à l'allocation de fin de carrière prévue à l'article 15.

Article 58 :

L'Officier ne peut être révoqué ou dégradé qu'à l'issue d'une procédure disciplinaire impliquant notamment la comparution de l'intéressé devant un Conseil d'Enquête excepté en cas de désertion.

Article 59 :

Le Conseil d'Enquête apprécie si les faits sont établis et donne un avis sur gravité et propose au commandement des mesures appropriées.

Le Conseil d'Enquête est désigné par le Ministre ayant la Défense Nationale dans ses attributions sur proposition du Chef de la Force de Défense Nationale du Burundi. Il est composé de cinq Officiers ayant une ancienneté dans le grade au moins égale à celle de l'Officier sous enquête.

IGICE CA IX : IVYEREKEYE UKURANGIZA AKAZI N'UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA UMUSIRIKARE W'INTWAZANGABO

AGACE KA 1: IBIJANYE N'UKURANGIZA AKAZI

Ingingo ya 57 :

Akazi k'Umusirikare w'intwazangabo karangira mu gihe :

- a) apfuye;
- b) akukurutse atarakwiza imyaka y'ugukukuruka;
- c) asezerewe kubera atagishoboye akazi;
- d) atanze imihoho;
- e) yirukanywe mu kazi;
- f) akukurutse kubera akwije imyaka;

Umusirikare w'intwazangabo ahagaritse akazi burundi mu Rwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi ku mvo zivugwa mu karongo ka a), b), c), d) n'aka e) tw'iyi ngingo ntafise uburenganzira bwo kuronswa amafaranga atekerezwa abarangije akazi ategakanijwe mu ngingo ya 15.

Ingingo ya 58 :

Umusirikare w'intwazangabo ashobora gusa kwirukanwa mu kazi canke gukororwa ipete habanje gukurikizwa intambwe zisungwa mu guhana amakosa y'akazi nk'ukumurengukisha imbere y'Umugwi ujejwe itohoza kiretse mu gihe yataye akazi.

Ingingo ya 59 :

Umugwi ujejwe itohoza urihweza nimba amakosa yakozwe agaragara ukagira ico ushikirije ku buremere bw'ayo makosa ugaca ushikiriza abatwara Igisirikare ingingo zibereye zofatwa.

Umugwi ujejwe itohoza ugenwa n'Umushikiranganji ajejwe ukwivuna abansi bishikirijwe n'Umukuru w'Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi. Uwo mugwi ugizwe n'intwazangabo zitanu zifise uburambe kw'ipete bungana n'imiburiburi n'ubw'intwazangabo iriko iragirirwa itohoza.

Article 60 :

Entraînent la révocation de l'Officier d'office:

- a) la perte de la nationalité burundaise ;
- b) la double nationalité;
- c) la condamnation à une peine de servitude pénale d'au moins six mois;

Article 61 :

L'Officier révoqué, réformé ou démissionnaire ne peut plus réintégrer la Force de Défense Nationale du Burundi.

SECTION 2 : DE LA SECURITE SOCIALE**Article 62 :**

Tout Officier ayant atteint l'âge de 50 ans a droit à sa pension de vieillesse sans préjudice à l'article 43 de la présente loi.

Article 63 :

L'Etat verse à l'Institut Nationale de la Sécurité Sociale les cotisations restantes pour l'Officier décédé avant d'atteindre quinze ans de service.

Article 64 :

Les pensions et rentes des Officiers sont octroyées conformément aux dispositions du régime de sécurité sociale en vigueur au Burundi.

Article 65 :

L'Officier de la Force de Défense Nationale du Burundi est affilié à l'Institut National de la Sécurité Sociale et à la Mutuelle de la Fonction Publique par l'employeur et classé parmi les assurés travaillant dans des conditions dures et pénibles comportant beaucoup de risques suivant les dispositions du Code de Sécurité Sociale.

Ingingo ya 60:

Ibituma Umusirikare w'Intwazangabo yirukanwa mu kazi ni:

- a) ugutakaza ubwenegihugu bw'Umurundi;
- b) ukugira ubwenegihugu bubiri;
- c) uguhanyishwa igihano c'ugupfungwa n'imiburiburi amezi atandatu;

Ingingo ya 61:

Umusirikare w'Intwazangabo yirukanywe mu kazi, yasezerewe kubera atagishoboye akazi canke yatanze imihoho ntashobora gusubira mu Rwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi.

AGACE KA 2: UGUTEGEKANIRIZA KAZOZA UMUSIRIKARE W'INTWAZANGABO**Ingingo ya 62:**

Umusirikare w'Intwazangabo wese ashikanye imyaka mirongo itanu afise uburenganzira bw'ukuronswa impamba ihabwa abakukurutse kubera ubusaza hatirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 43 y'iri bwirizwa.

Ingingo ya 63 :

Reta iratanga mw'Ishirahamwe ritegekaniriza kazoza abakozi intererano zari zisigaye ku Musirikare w'Intwazangabo apfuye atarakwiza imyaka icumi n'itanu y'akazi.

Ingingo ya 64:

Amafara y'impamba aja arahabwa Abasirikare b'Intwazangabo bakukurutse n'amafara aja arahabwa abasigwa babo atangwa hisunzwe ibitegekanijwe mu mategeko agenga ugutegekaniriza kazoza abakozi asanzwe akurikizwa mu Burundi.

Ingingo ya 65:

Umukoresha w'Abasirikare b'Intwazangabo ni we abategekaniriza kazoza mw'Ishirahamwe INSS akongera akabavuzwa mw'Ishirahamwe rijejwe kuvuza abakozi ba Reta kandi bagashirwa mu mugwi w'abanywanyi bakora akazi kagoye kandi gashobora gutera impanuka nyinshi hisunzwe ibitegekanijwe mu Gitabu c'amategeko agenga ivyerekeye ugutegekaniriza kazoza abakozi.